

Chanjman enpòtan nan New York Medicaid, Child Health Plus ak pwogram Essential Plan

Èske pou kounye a ou menm oswa yon manm nan fanmi an genyen asirans sante atravè New York State Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan?

Apati Prentan 2023, New York State pral rekòmanse avèk analiz ak renouvèlman kalifikasyon yo pou moun ki enskri nan pwogram sa yo. **Sa vle di ou ka bezwen fè demach pou ou renouvle asirans sante w oswa asirans manm fanmi ou an.** Li resous ki pi ba yo pou jwenn plis enfòmasyon.

- Pou Moun New York ki enskri atravè NY State of Health:
 - [Kesyon Moun Poze Souvan](#)
 - [Aprann sou etap pou renouvle asirans ou an](#)
- Pou Moun New York ki enskri atravè Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York la:
 - [Kesyon Moun Poze Souvan](#)
 - [Aprann sou etap pou renouvle asirans ou an](#)
- Pou Moun New York ki enskri atravè Depatman Sevis Sosyal Lokal yo a:
 - [Kesyon Moun Poze Souvan](#)
 - [Aprann sou etap pou renouvle asirans ou an](#)

Men kèk bagay ou kapab fè depi **kounye a** pou ou prepare.

1) Asire ou adrès ou ajou

Si ou te enskri atravè NY State of Health, asire w ke NY State of Health genyen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl aktyèl ou yo yon fason pou yo kapab kontakte w konsènan asirans sante w la. Pou mete enfòmasyon ou yo ajou:

- Rele NY State of Health nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Antre sou kont ou nan nystateofhealth.ny.gov, oswa
- Kontakte yon [asistan pou enskripsyon](#)

Si ou te enskri nan Medicaid atravè [Depatman Sèvis Sosyal Lokal konte w la oswa atravè Administrasyon Resous Imèn Vil New York la](#), kontakte biwo sa a pou mete adrès ou ak enfòmasyon pou kontakte w yo ajou.

2) Rete enfòmè

Suiv NYS Medicaid Program la sou Medya Sosyal yo! NYS Medicaid aktif kounye a sou Facebook, Instagram ak Twitter. Suiv pou resevwa dènye mizajou sou nouvèl ak Chanjman ki ka gen yon enpak sou pwoteksyon asirans w la.

- [FACEBOOK](#)
- [INSTAGRAM](#)
- [TWITTER](#)

3) Enskri pou jwenn notifikasyon

Enskri pou NY State of Health voye mesaj tèks SMS/MMS NY State of Health kòm notifikasyon pou ou yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan yo ap fè nan asirans sante a, tankou dat pou renouvle asirans ou.

Tanpri Sonje: Sèvis sa a disponib sèlman si ou te enskri pou asirans sante atravè NY State of Health.

Pou ou enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327. Jwenn plis enfòmasyon sou alèt tèks yo sou [paj sa a](#)

4) Fè demach yo

Lè li tan pou renouvle asirans sante w la, w ap resevwa yon lèt nan NY State of Health oswa yon pake renouvèlman si ou te enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal konte w la oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York la. Nan lèt oswa nan pakè sa a yo ap di ou kisa ou dwe fè pou renouvle asirans ou epi ki kantite tan ou genyen pou ou fè sa. **Suiv enstriksyon yo san pèdi tan.**